


Pa Prezidan
Thomas S. Monson



Lanmou nan fwaye— KONSÈY PWOFEÈT NOU AN

Lavi familyal beni

“Lè nou fin fè eksperyans pifò nan sa ki genyen nan mond lan oswa tout sa mond lan ofri epi nou wè kijan anpil bagay ki ladan l yo pasaje ak sipèfisyèl, gratitud nou ogmante pou privilèj nou genyen pou fè pati yon bagay nou kapab konte sou li — fwaye ak fanmi ak lwayote moun ki chè pou nou yo. Nou vin konnen kisa sa vle di pou n makonnen ansanm pa devwa, pa respè, pa apatnans. Nou aprann ke anyen pa ka vrèman pran plas relasyon beni lavi familyal la.”¹

Pataje lanmou nou

“Fè pitit nou konpliman epi anbrase yo; di: ‘Mwen renmen w’ pi souvan; toujou ekspriye remèsiman nou. Pa janm kite yon pwoblèm pou rezoud vin pi enpòtan pase yon moun pou renmen. Zanmi demenaje, timoun grandi, moun nou renmen mouri. Li si fasil pou pran lòt moun pou aki, jiskaske jou rive kote yo soti nan lavi nou e nou rete avèk santiman ki di ‘e si’ ak ‘si sèlman.’ . . .

“Annou jwi lavi a pandan n ap viv li a, jwenn lajwa nan vwayaj la epi pataje lanmou nou avèk zanmi nou ak fanmi nou. Yon jou, nou chak pral pa gen demen ankò. Annou pa inyore sa ki pi enpòtan an.”²

Montre lanmou nou

“Frè yo, an nou trete madanm nou avèk diyite ak respè. Yo se konpay etènèl nou. Sè yo, onore mari nou. Yo bezwen tande yon mo janti. Yo bezwen yon souri amikal. Yo bezwen yon ekspresyon chalè lanmou sensè. . . .

“Pou nou menm ki paran, m ap di, montre lanmou nou pou pitit nou. Nou konnen nou renmen yo, men asire nou ke yo konnen sa tou. Yo si presye. Fè yo konnen. Mande èd Papa nou ki nan Syèl la nan efò nou pou reponn ak bezwen yo chak jou ak pou nou fè fas ak difikilte ke paran yo ap rankontre inevita-bman yo. Nou bezwen plis pase pwòp sajès pa nou pou nou elve yo.”³

Ekspriye lanmou nou

“Nou menm paran, ekspriye lanmou nou pou pitit nou yo. Priye pou pou yo kapab reziste devan mal yo nan mond lan. Priye pou lafwa yo ak temwayaj yo kapab grandi. Priye pou yo kapab mennen yon lavi bonte ak sèvis pou lòt moun.

“Timoun yo, fè paran nou konnen nou renmen yo. Fè yo konnen kijan nou apresye tout sa yo fè ak kontinye fè pou nou.”⁴

Sa ki pi enpòtan

“Sa ki pi enpòtan an prèske toujou enplike moun ki bò kote nou. Souvan nou sipoze ke yo ta dwe konnen konbyen nou renmen yo. Men nou pa dwe janm sipoze sa; nou dwe fè yo konnen sa. William Shakespeare te ekri: ‘Moun ki pa montre amou yo, yo pa renmen.’ Nou pap janm regrèt mo janti nou te di oswa afeksyon nou te montre. Men, na pral gen regrè si nou neglije bagay sa yo nan rapò nou genyen avèk moun ki chè pou nou yo.”⁵

Mennen syèl la pi pre

“Nou espere ke fanmi nou ak fwaye nou ranpli ak lanmou: se pou youn renmen lòt, renmen levanjil la, renmen pwochen nou, ak renmen Sovè nou an. Kòm rezilta, syèl la ap vin yon ti kras pi pre isit la sou tè a.

“Se pou nou fè fwaye nou tounen refij kote manm fanmi nou ap toujou anvi retounen.”⁶

Yon priyè pou fanmi yo

“Pandan ke inite famiyal la anba atak nan mond lan jodia, e y ap ridikilize anpil bagay nou konsidere kòm sakre, nou mande ou, Papa nou, pou ba nou fòs pou fè fas ak pwoblèm n ap rankontre yo, pou nou kapab kanpe fèm pou laverite ak lajistis. Fè fwaye nou tounen refij lapè, lanmou, ak espirityalite.”⁷

NÒT

1. “A Sanctuary from the World,” *Worldwide Leadership Training Meeting*, Fev. 9, 2008, 29.
2. “Joy in the Journey” (Brigham Young University Women’s Conference, 2 Me, 2008), <http://ce.byu.edu/cw/womensconference/archive/transcripts.cfm>.
3. “Abundantly Blessed,” *Liahona*, Me 2008, 112.
4. “Until We Meet Again,” *Liahona*, Me 2009, 113.
5. “Finding Joy in the Journey,” *Liahona*, Nov. 2008, 86.
6. “A Sanctuary from the World,” 30–31.
7. Dedicatory prayer for The Gila Valley Arizona Temple, 23 Me, 2010; nan “The Gila Valley Arizona Temple: ‘Wilt Thou Hallow This House,’” *Church News*, May 29, 2010, 5.

ANSÈYMAN APATI MESAJ SA A

“Nan yon aktivite brase lide enstriktè a prezante yon kesyon oswa sitiasyon epi li bay etidyan yo yon ti tan pou yo libreman sijere solisyon oswa ide” (*Ansèyman, pa gen pi gwo apèl* [1999], 160). Pandan w ap li atik sa a avèk fanmi ou, mande yo pou yo koute konsèy oubyen ide ki enpresyone yo. Manm fanmi yo kapab apresya chèche fason pou ogmante lanmou nan fwaye

yo. Konsidere pou envite fanmi an pou repase ide sa yo nan pwochen sware famiyal la.

JÈN YO

Manman yo sekouri nou

Pa Patricia Auxier

Lè m te gen sizan, ti sè m nan avèk mwen nou t ap gade jwèt baskètbòl gran sè nou an. Papa m te derape pou ale, epi nou te deside ke nou te anvi ale lakay avèk li, konsa nou te kouri dèyè li nan lapli a. Lè nou pa t ka jwenn ni, nou te retounen nan jimnazyòm nan pou n te ale lakay avèk manman m, men letan pou n te antre nan jimnazyòm nan, tout moun nan bilding nan te gentan ale.

Mwen sonje nou te kanpe ansanm devan pòt la, pandan m t ap esye pou ti sè m nan avèk mwen pa t mouye, ap priye pou yon moun ta vini. Epi mwen sonje m te tande bri pòt machin wouj nou an, e nou te kouri ale vè bri a. E se youn nan souvni anfans ki pi vivan mwen genyen: manman nou k ap pran nou nan bra li “tankou yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li” (3 Nefi 10:4). Manman m te pote nou sekou, e mwen pa t janm santi m pi an sekirite pase jan m te ye a nan moman sa a.

Lè m ap panse ak enfliyan li sou mwen, mwen wè ke lavi manman m te pwente m nan direksyon Sovè a e li te montre m kisa sa vle di pou “leve men ki pandye yo, epi ranfòse jenou ki fèb yo” (D&A 81:5). Li te repoze sou Jezikri, ki te ba l fòs “ki te depase pa [l]” (“Lord, I Would Follow Thee,” *Hymns*, no. 220).

TIMOUN YO

Bati yon kay ki gen bonè

Prezidan Monson sijere fason nou kapab bati yon kay ki gen bonè. Chèche nan atik la pou w jwenn bagay ou menm ak fanmi ou kapab fè pou rann kay ou yon kay ki gen bonè.

Chak fwa ou jwenn yon bagay ou kapab fè, ekri li. Chèche omwen senk fason nou kapab bati yon kay ki gen bonè epi desine yon kay avèk fanmi ou andedan li.

© 2011 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/10. Apwobasyon tradiksyon: 6/10. Tradiksyon *First Presidency Message*, August 2011 Haitian Creole. 09768 036



Yon sosyete fi ki sen

Etidye materyèl sa a epi, si sa apwopriye, diskite li avèk sè w ap vizite yo. Itilize kesyon pou ede ou fòtifye sè w ap vizite yo epi fè Sosyete Sekou vin yon pati aktif nan pwòp lavi pa ou.

Eliza R. Snow, dezyèm prezidant jeneral Sosyete Sekou, te anseye: “Apot Pòl te pale de fi ki sen yo nan tan lontan an. Se devwa nou chak pou nou yon fi ki sen. Nou dwe gen bi ki pi wo, si nou se fi ki sen. Nou dwe santi ke nou aple pou akonpli devwa ki enpòtan. Okenn moun pa egzan nan bagay sa yo. Pa gen yon sè ki twò izole, ni ki gen enfliyans twò limite pou l pa ka fè anpil bagay nan etabli Wayòm Bondye a sou tè a.”¹

Sè yo, nou pa izole ni enfliyans nou pa limite. Lè nou aksepte don aktivite a nan Sosyete Sekou, nou vin fè pati sa Pwofèt Joseph te dekri kòm yon sosyete a “separe nou de tout sa ki mal nan mond lan — chwa, vèti, ak sakre.”²

Sosyete sa a ede nou fòtifye lafwa nou ak grandi esprityèlman nan ba nou lidèchip, sèvis, ak opòtinite pou ansèyman. Nan sèvis nou yon nouvo dimansyon ajoute nan lavi nou. Nou pwogrese esprityèlman, e sans apatenans nou, idantite nou, ak diyite pèsonèl nou ogmante. Nou reyalize ke tout bi plan levanjil la se founi yon opòtinite pou nou atenn pi gwo potansyèl nou.

Sosyete Sekou ede prepare nou pou resevwa benediksyon tanp yo, onore alyans nou te fè yo, ak angaje nan koz Siyon an. Sosyete Sekou

ede nou ogmante lafwa nou ak ladwati pèsonèl nou, fòtifye fanmi yo, ak chèche ak ede moun ki nan bezwen.

Travay Sosyete Sekou a sakre, e fè travay sakre kreye sentete nan nou.

Silvia H. Allred, premyè konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a.

Apati ekriti yo

Egzòd 19:5; Som 24:3–4;
1 Tesalonisyen 4:7; Tit 2:3–4;
Doktrin ak Alyans 38:24; 46:33;
82:14; 87:8; Moyiz 7:18

Apati istwa nou

An palan de Sosyete Sekou Fi Novou a, Pwofèt Joseph Smith te mete aksan sou sentete, pandan ke l te eksplike ke lè sè yo te vin pi ak sen, yo t ap gen yon enfliyans sou mond lan. Li te eksplike: “Imilite, lanmou, pite — sa yo se bagay ki ta dwe manyifye ou. . . . Sosyete sa a . . . ap gen pouvwa pou kòmande rèn nan mitan yo. . . . Wa ak rèn sou tè a ap vini nan Siyon, pou prezante respè yo.” Sè Sosyete Sekou yo k ap viv alyans yo atire respè non sèlman moun nòb yo, men, Joseph Smith te pwomèt sè yo “si nou viv diy pou privilèj nou yo, yo pap ka anpeche zanj yo vin konpayon nou.”³

Pandan ke sè yo t ap patisipe nan

travay pou sèvi ak sove lòt yo, yo te vin sanktifye pèsonèlman. Lucy Mack Smith, manman Pwofèt la, te pataje bon bagay Sosyete Sekou ka akonpli: “Nou youn dwe cheri lòt, youn veye sou lòt, youn rekonfòte lòt e akeri enstriksyon pou nou tout kapab chita ansanm nan syèl la.”⁴

NÒT

1. Eliza R. Snow, “An Address,” *Woman's Exponent*, Sept. 15, 1873, 62.
2. Joseph Smith, in *History of the Church*, 4:570.
3. Joseph Smith, in *History of the Church*, 4:605, 606.
4. Lucy Mack Smith, in *Relief Society*, Minute Book Mar. 1842–Mar. 1844, entry for Mar. 24, 1842, Church History Library, 18–19.

Kisa m ka fè?

1. Kijan m ka ede sè m ap vizite yo pou yo kiltive ak atenn “bi ki pi elve”?
2. Kisa m ap fè pou rann lavi m “bèl, vètye, ak sakre”?

Pou plis enfòmasyon, ale nan www.reliefsociety.lds.org.